

# GID 2023 DEPATMAN PAK AK LWAZI *Prentan ak Ete* SOMERVILLE



[WWW.SOMERVILLEREC.COM](http://WWW.SOMERVILLEREC.COM)

## Pwogram Prentan yo

Manm Pèsonèl yo.....	Paj. 3
Pwogram pou Preskolè ak Timoun Piti.....	Paj. 4
Pwogram pou Jèn.....	Paj. 4-5
Pwogram pou Granmoun.....	Paj. 5-6
Pisin Giny Smithers.....	Paj. 6-7

## Pwogram Ete yo

Pwogram Espòtif chak Semèn yo....	Paj. 8-9
Preskolè ak Timoun Piti.....	Paj. 11
Pwogram pou Jèn.....	Paj. 11-12
Pwogram pou Granmoun.....	Paj. 12-13
Garaj Bato Blessing of the Bay.....	Paj. 14
Pisin Dilboy.....	Paj. 15
Estad Dilboy.....	Paj. 16
Evènman Espesyal.....	Paj. 17



### Objektif Misyon an:

Depatman Pak ak Lwazi a òganize pwogram anyèl nan tout etablisman piblik vil la, espas jwèt, lakou lekòl, ak divès lòt kote nan lide pou fè pwomosyon aktivite pozitif ak sen pou tout manm nan Kominote Somerville la.

### Règleman sou Anilasyon

Depatman Pak ak Lwazi a gen entansyon pou l fè tout moun k ap patisipe nan aktivite sèvis pak ak lwazi a esponsorize yo konnen genyen anilasyon nan lide pou yo ale planifye an konsekans. Ap gen ranbousman oswa kredi aplikab selon kalite aktivite ki esponsorize a.



### Ale sou Sit Entènèt nou an:

[www.somervillerec.com](http://www.somervillerec.com)

### Suiv nou sou rezo sosyal yo!



@SomervilleRec



@SomervilleRecreation  
@Somerville\_tecenter



### Sibvansyon Disponib

Pou pwogram Depatman Pak ak Lwazi yo ak ka disponib epi nan yon pri ki bon pou tout rezidan vil Somerville la, nou ofri sibvansyon pou pwogram lwazi a pou moun ki bezwen asistans yo. Sèlman rele nou nan 617-625-6600 ekstansyon 2980 epi n ap byen kontan eksplike w pwogram lan epi chèche jwenn sa k ap pi bon pou ou.

# Manm Pèsonèl Depatman Pak ak Lwazi yo

## Direktè Depatman Pak ak Lwazi a




Sue Yerkes  
syerkes@somervillema.gov  
617-625-6600 ekstansyon 2983

## Devlopè Pwogram lan



George Scarpelli  
gscarpelli@somervillema.gov  
617-625-6600 ekstansyon 2984

## Devlopè Pwogram lan



Alicia McCarroll  
aquerusio@somervillema.gov  
617-625-6600 ekstansyon 2991

## Kowòdinatè Pwogram lan



Jeremy Vallesio  
jvallesio@somervillema.gov  
617-625-6600 ekstansyon 2999

## Kowòdinatè Pwogram lan



Yianny Tsirigotis  
jtsirigotis@somervillema.gov  
617-625-6600 ekstansyon 2994

## Kowòdinatè Pwogram lan



Marco Osoy  
mosoy@somervillema.gov  
617-625-6600 ekstansyon 2990

## Kowòdinatè Pwogram lan



Mak Fenton  
mfenton@somervillema.gov  
617-625-6600 ekstansyon 2992

## Kowòdinatè Pwogram lan



Ryan Chambers  
rchambers@somervillema.gov  
617-625-6600 ekstansyon 2993

## Kowòdinatè Pwogram lan



Brooke Metivier  
bmetivier@somervillema.gov

## Manadjè Etablisman an



Jami Kranich  
jkranich@somervillema.gov  
617-625-6600 ekstansyon 2988

## Responsab Pisin lan



Ashley Alves  
aalves@somervillema.gov  
617-625-6600 ekstansyon 6675

## Responsab Adjwen Pisin lan



Stephen Resnic  
sresnic@somervillema.gov  
617-625-6600 ekstansyon 6677

## Asistan Administratif



Emanuel Saez  
esaez@somervillema.gov  
617-625-6600 ekstansyon 2980

# Pwogram pou Preskolè ak Timoun Piti Prentan 2023 a

## Pwogram Tot-Time pou Timoun Piti

Pwogram 8 semèn sa a prepare timoun yo pou Preskolè ak Jadendanfan. Gen aktivite gide ki planifye chak jou pou entegre aktivite atistik ak brikolaj, mizik, travay ak lèt epi chif epi yon dividal lòt bagay anplis. Tot-Time se yon pwogram sosyal. Timoun yo dwe otonòm nan sa ki gen pou wè ak lapwòpte.

**Edgerly School Lendi/Mèkredi oswa Madi/Jedi  
8:30A.M. rive 12:30P.M., Sesyon 2 27 mas rive 8 jen  
2023 Laj 2.9 lane rive 5 lane, \$350 sou Rezèvasyon  
Sèlman**

## Somerville Parks & Recreation Toddler Soccer (Aktivite Foutbòl pou Timoun Piti Depatman Pak ak Lwazi Somerville la)

Toddler Soccer se yon pwogram dinamik ki entwodui timoun yo nan prensip fondamantal foutbòl yo tankou itilizasyon pye, dribble, choute, resepsyon boul, taktik aprantisaj, vitès ak kondisyonman, amelyorasyon konpetans motè yo ak règleman debaz jwèt la. Atravè jwèt amizan, ranfòsman pozitif, respè, espri ekip, ak eszèsis fizik, pwogram foutbòl nou an pral bay pitit ou a yon opòtinite pou l pase eprèv pandan l ap jwe jwèt ki amizan epi l ap entèyaji nan yon ekip.

## **Enfòmasyon pou Konfime**

## Espò pou Timoun

Timoun yo aprann prensip fondamantal espò yo ak Manm Pèsonèl Depatman Pak ak Lwazi Somerville la kote y ap konsantre yo sou devlopman kapasite mobil yo epi y ap prna plezi yo anvan yo entegre nan sistèm espò ki òganize. Timoun yo pral aprann prensip debaz foutbòl, baskètbòl, bezbòl, foutbòl ameriken ak oke.

**Edgerly School, lè samdi,  
10:00A.M. Rive 11:00A.M. oswa 11:30A.M.  
Rive 12:00P.M., 25 mas rive 6 me 2023  
Laj 3 rive 5 lane  
\$40 sou Rezèvasyon Sèlman**



# Pwogram Prentan 2023

## Pwogram Vakans mwa Avril

Pwogram plen plezi sa a pral plen ak moun byen RAPID! Pwogram sa a pral pèmèt timoun yo gen aktivite pou yo fè pandan vakans yo gras ak divès jwèt espòtif, jwèt sosyete, aktivite atistik ak brikolaj epi sòti edikatif.

**West Somerville Neighborhood School,  
88:30A.M rive 4:30A.M, 18 avril rive 21 avril 2023, Laj  
5 rive 13 lane \$80 sou Rezèvasyon Sèlman**

## Pwogram Aktivite Atistik Kreyatif

Pwogram aktivite atistik kreyatif nou an pèmèt patisipan yo eksplòre talan kreyatif yo gen lakay yo. Chak semèn pral genyen nouvo pwojè kreyatif pou yo travay sou yo. Patisipan yo pral itilize eleman yo pa ko janm itilize anvan pou fè aktivite atistik tankou bil, bonm dlo, kim pou razaj ak yon dividal lòt bagay. Pral gen pwojè an gwoup epi ap gen pwojè endividyèl an menm tan tou. Patisipan yo pral resevwa ankourajman pou yo kapab reflechi nan fason yo pa konn abitye reflechi pou kreye zèv pa yo.

**Nathan Tufts Park Powderhouse Circle, Lè jedi  
2 me rive 6 jen 2023  
Laj 5 rive 8 lane: 3:00P.M. Rive 4:00P.M.  
Laj 9 rive 13 lane : 4:00P.M. Rive 5:00P.M.  
\$25 sou Rezèvasyon Sèlman**

## Depatman Pak ak Lwazi Somerville la ak Boston Kickers

Pwogram sa a pral konsantre sou devlopman jwè a atravè fòmasyon ki adapte a chak sitiyasyon pandan l ap mete aksan sou fòs, fleksibilite, dirabilite ak teknik ki nesèsè pou pèfòme antanke yon atlet wo nivo. Pwogram lan pral konsantre tou sou eleman fondamantal fòs matal, emosyonèl ak espirityèl yo. Pral gen 4 rive 6 patisipan ki ap an gwoup pou chak grenn antrenè nan lide pou pèmèt jwèt la gen yon anviwònman reyalis epi pou pèmèt gen yon kantite maksimòm repetisyon ak priz desizyon.

## **Enfòmasyon pou Konfime**



# Pwogram Prentan 2023 yo

## The Art Haus

Pwogram sa a pral ankouraje kiryozi, kreyativite ak pataj konesans. Li pral pèmèt patisipan yo eseye diferan modalite ekspresyon kreyatif pandan y ap kreye yon anviwònman sekirite pou jèn ki nan kominote LGBTQ+ ansanm ak alye yo. Pwogram sa a pral pèmèt jèn pase tan ak kanmarad yo kote idantite enpòtan anpil men se pa sèl objektif sa ki genyen.

**Powder House Committee Room**  
**850 Broadway**  
**Lendi 6:00P.M. rive 8:00P.M.**  
**Enskripsyon yo pral kontinye rive mwa me pou 6yèm rive 12yèm Ane**



## The Umbrella Teen Center Program (Pwogram Sant Lajenès Umbrella a)

Pwogram sa a ap ofri yon espas sekirite pou jèn ki nan kominote LGBTQ+ la ansanm ak alye yo pou kreye koneksyon epi kontwi kominote. Umbrella ofri aktivite, zanmitay, ak parenak pou ankouraje Devlopman san jèn ki transjan ak sa ki pa ni gason ni fi yo (queer).

**Powderhouse Committee Room**  
**850 Broadway**  
**Vandredi 3:00P.M. rive 6:00P.M.**  
**Enskripsyon yo ap kontinye rive mwa me Pou 6yèm rive 12yèm ane**

## Dungeons and Dragons

Jwèt wòl sou tab yo s'eyon mwayen san parèy pou rankontre nouvo moun epi pou ranfòse konpetans ou nan sa ki gen pou wè ak kolaborasyon, imajinasyon ak enpwovizasyon. Fè ekip ak Direktè Jwèt la Mati Dupont ki pral fè w viv yon avanti istwa kolaborasyon ou pa ko ap bliye! Eksperyans sa a pral anseye ou tout sa ou bezwen konnen sou Dungeons & Dragons. Matisse kwè li kapab kreye yon espas ki sekirite pou aprann konsènan D&D, fè zanmi, epi bliye reyalye a pou yon ti tan.

**Powderhouse Committee Room**  
**850 Broadway**  
**Jedi, 4:00P.M. Rive 6:00P.M.**  
**16 fevriye rive 25 me 2023, 6yèm ane rive 12yèm ane**

## Edgerly Teen Center (Sant Lajenè Edgerly a)

Teen Center se yon pwogram Gratis pou Rezidan Jèn Somerville Ki gen laj 12 rive 18 lane yo, ki ouvè nan jou lasemèn yo apre lekòl sòti 2:30P.M. Rive 8:00P.M. Ap gen ti bagay pou pase nan bouch ak repa ki disponib pou Manm Adolesan (Jèn) yo, epi tou ap gen aksè pou yon nan sal egzèsis fizik nou a, salon nou an, sal jwèt Nou a, ak klèb nou an yo itilize pou yon varyete pwogram espesyalize. Pandan tout semèn lan, nou ofri pwogram tankou aktivite atistik ak brikolaj, vizite espesyal, jwèt videyo, klèb, gwoup gason ak fi, ak plis toujou! Ap gen sèvis asitans pou ede timoun yo fè devwa yo bay yo fè lakay chak jou ant 2:30P.M. rive 4:00P.M. Nou toujou ap mande opinyon ak lide jèn yo genyen, kidonk opòtinite yo pa gen limit!  
**Edgerly Education Center, 3 Otis St. Lendi rive Vandredi 2:30P.M. rive 8P.M.**

# Pwogram Prentan 2023 pou Granmoun

## Adult Basketball League (Lig Baskètbòl pou Granmoun)

Yon lig konpetisyon baskèt ki genyen ladan l twa sesyon separe.  
\*Patisipan yo dwe anrejistre antanke ekip\*

Frè Enskripsyon pou Ekip: \$350 oswa \$150 si ou kòmande pwòp inifòm ou  
- \$50 (kach) pou chak match pou ofisyèl yo  
- \$100 depo

Sezon regilye 10 match  
8 meye ekip yo ap kalifye pou eliminatwa yo

**Sesyon Prentan an**  
**Pozisyon: Healey School Gym**  
**Jou nan Semèn nan: Madi ak Jedi (jwe yon nuit chak semèn)**  
**Lè: 7pm, 8pm, oswa 9pm**  
**Dat: 15 mas rive mwa jen**  
**Dat limit enskripsyon: 10 fevriye**

\*Pou antre nan yon ekip, tanpri kontakte Yianny nan [jtsirigotis@somervillema.gov](mailto:jtsirigotis@somervillema.gov) anvan w fè jwè yo enskri\*



## Pikèlball (Pikleball) pou Granmoun

Pwogram Pikleball sa a se yon pwogram yo kreye pou pèmèt patisipan ki gen 18 lane epi plis yo fè egzèsis epi anmize yo. Jwè yo pral gen chans pou yo devlope ajilite ak kowòdinasyon je ak men yo pandan yo ap fè yon bon kalite egzèsis. Pwogram lan pèmèt patisipan yo pase yon tan bon kalite anndan yon teren fèmèn pou yo jwe nan yon fason amizan epi ki baze sou konpetisyon nan yon kad lwazi.

**Pozisyon: Edgerly Education Center**  
**Jou nan Semèn nan: Madi oswa mèkredi**  
**Lè: 8:00P.M. rive 9:45P.M.**  
**Dat: Semèn 24 avril rive dènye semèn mwa jen**  
**Frè Enskripsyon: \$50**

## Zoumba (Zumba) pou Granmoun

Pwogram « Zumba » pou granmoun sa a se yon pwogram yo kreye pou pèmèt patisipan ki gen 18 lane epi plis yo fè egzèsis epi anmize yo. Patisipan yo pral fè yon seri konplè egzèsis, ansanm ak tout eleman pou rive gen fòm fizik yo - kadyo, miskilasyon, ekilib, ak fleksibilite epi boustè pou enèji!

**Pozisyon: West Somerville School Cafetorium**  
**Jou nan Semèn nan: Jedi**  
**Lè: 7:00P.M. rive 8:00P.M.**  
**Dat: 2 mas rive 20 avril**  
**Dat Eksklizyon: 16 mas**  
**Frè Enskripsyon: \$35**

Sesyon ki gen pou disponib alavni!

## Pwogram Ete 2023 pou Granmoun (Suit)

### Pikèlbòl (Pickleball) Lib pou Granmoun Aje

Edgerly Education Center (3 Otis St.)  
 Madi ak Jedi, 9A.M. rive 10:30A.M.  
 2 mas rive 27 avril 2023  
 (Dat Eksklizyon yo se 18 ak 20 avril 2023)  
**GRATIS**



## Pisin Ginny Smithers pou Prentan ak Ete 2023

# Dat Leson Natasyon pou Prentan ak Ete yo:

Enskripsyon pou rezidan Somerville yo	Enskripsyon pou moun ki pa rezidan Somerville yo	Madi ak jedi	Samdi
7 mas	14 mas	23 mas rive 13 avril	25 mas rive 29 avril
18 avril	25 avril	9 mas rive 1ye jen	13 mas rive 17 jen

### Nivo Leson Natasyon yo

Tibebe k ap Naje/Timoun Piti k ap Naje  
 Preskolè 1,2,3,4  
 Leson Natasyon pou Jèn 1,2,3,4  
 Debitan Adilt/Adolesan

### Pri Leson Natasyon yo

\$55 pa sesyon pou rezidan Somerville yo  
 \$70 pa sesyon pou moun ki pa rezidan Somerville yo



## Natasyon Lib ak Natasyon pou Fanmi

### Natasyon Lib pou Granmoun (18 ak plis lane)

Lendi rive Jedi	6:30A.M. rive 8:30A.M. + 5:00P.M. rive 8:00P.M.
Vandredi	6:30A.M. rive 8:30A.M.
Samdi	9:00A.M. rive 3:00P.M.

### Natasyon Lib pou Granmoun Aje (60 ak plis lane)

Lendi rive Jedi	3:00P.M. rive 4:00P.M.
-----------------	------------------------

### Natasyon Lib pou Jèn (13 rive 17 lane)

Lendi rive Jedi	4:00P.M. rive 5:00P.M.
-----------------	------------------------

### Natasyon pou Fanmi

Lendi ak Mèkredi	5:00P.M. rive 8:00P.M.
Madi ak Jedi	4:00P.M. rive 5:00P.M. 7:00P.M. rive 8:00P.M.
Samdi	2:00pm-3:00pm

Tanpri ale sou  
[www.somervillerec.com](http://www.somervillerec.com)  
 pou jwenn lòt klas, pwogram,  
 ak mizajou pwogramasyon!

### Frè Natasyon pou Fanmi pou chak sesyon:

(Kach Sèlman)

#### Rezidan Somerville

Timoun/Granmoun  
Aje \$1

Granmoun (Adilt): \$3

#### Moun ki pa Rezidan Somerville yo

Timoun/Granmoun  
Aje \$2

Granmoun (Adilt): \$4

### Frè Natasyon Lib pou chak sesyon

(Kach Sèlman)

#### Rezidan Somerville

Granmoun (Adilt): \$5

Granmoun Aje: \$3

Jèn (Adolesan): \$2

#### Moun ki pa Rezidan Somerville yo

Granmoun (Adilt): \$6

Granmoun Aje: \$4

Jèn (Adolesan): \$3

Kat Aksè pou antre Nan Pisin Ginny Smithers la  
 Prentan: 20 mas rive 10 jen  
 Ete: 12 jen rive 31 out

## Natasyon Lib

rezidan Somerville yo	Moun ki pa Rezidan Somerville yo
Moun poukont yo \$100	Moun poukont yo \$150
Granmoun Aje \$75 (Laj 60 lane epi plis)	Granmoun Aje \$105 (Laj 60 lane epi plis)

## Natasyon pou Fanmi

rezidan Somerville yo	Moun ki pa Rezidan Somerville yo
Fanmi \$150 (Pou itilize pandan sesyon Natasyon Pou Fanmi an nan Ti Pisin lan) (Yo pa kapab itilize l pou Natasyon Lib)	Fanmi \$200 (Pou itilize pandan sesyon Natasyon Pou Fanmi an nan Ti Pisin lan) (Yo pa kapab itilize l pou Natasyon Lib)

# Pwogram Espòtif Chak Semèm pou Ete 2023



## Semèn 26 jen rive 30 jen 2023

### Fòmasyon pou Bezbòl / Sòfbòl

Depatman Pak ak Lwazi Somerville la ap ofri yon fòmasyon espesyal sou bezbòl / sòfbòl pandan peryòd ete sa a. Fòmasyon sa a ap pèmèt jèn yo pèfeksyone kapasite fondamantal yo genyen nan lanse, frape ak jesyon teren.

**Dilboy Auxiliary, Lendi rive Vandredi, 8:30A.M. rive 12:30P.M., Laj 5 rive 16 lane, \$50 sou Rezèvasyon / \$65 san Rezèvasyon.**

## Semèn 5 jiyè rive 7 jiyè 2023

**(Pa gen pwogram nan dat 3 ak 4 jiyè 2023)**

### Fòmasyon pou Foutbòl Haighlander a

Ak sipèvizyon manm pèsònèl ak atlèt miks (gason ak fi) Somerville High School yo, pwogram sa a pral konsantre sou konpetans fondamantal foutbòl tankou dribble, fè pas, pyeje, ak choute. Patisipan yo p ap sèlman aprann nan fè egzèsis, men y ap gen pou yo jwe ann ti match tou. Ekip foutbòl fi ak gason Somerville la ansanm ak antrenè yo ap travay ansanm ak Depatman Pak ak Lwazi a. Resèt yo prale jwenn ekip foutbòl gason ak fi SHS la dirèkteman nan kad yon kolèk fon. Tout jwè yo ak antrenè yo pral bay tan yo pou bèl pwogram sa a. Ap gen manje midi ki disponib chak jou.

**Dilboy Stadium, Mèkredi rive vandredi, 8:30A.M. rive 12:30P.M., Laj 5 rive 13 lane, \$30 sou Rezèvasyon.**

## Semèn 10 jiyè rive 14 jiyè 2023

### Fòmasyon Ultimate sou Frisbi (Frisbee)

Gras ak fòmasyon antrenè ak jwè SHS Ultimate Frisbee yo ap bay yo, timoun yo pral patisipe nan egzèsis ak mele ki kreye pou ede yo aprann konpetans ak règ Ultimate Frisbee yo.

**Trum Field, Lendi rive vandredi, 8:30A.M. -12:30P.M., Laj 7 rive 13 lane, \$25 sou Rezèvasyon/\$40 san Rezèvasyon.**

### Sesyon 1 Fòmasyon pou Tenis la

Pwogram sa a pral konsantre sou prensip fondamantal tenis yo ki se sèvis, revè ak kou dwat.

**Dilboy Tennis Courts, Lendi rive vandredi, 8:30A.M. -12:30P.M., Laj 7 rive 14 lane, \$30 sou Rezèvasyon/ \$45 san Rezèvasyon.**

## Semèn 17 jiyè rive 21 jiyè 2023

### Sesyon 2 Fòmasyon pou Tenis la

Pwogram sa a pral konsantre sou prensip fondamantal tenis yo ki se sèvis, revè ak kou dwat.

**Dilboy Tennis Courts, Lendi rive vandredi, 8:30A.M. -12:30P.M., Laj 7 rive 14 lane, \$30 sou Rezèvasyon/ \$45 san Rezèvasyon.**

### Fòmasyon sou Gòlf

Patisipan yo pral aprann sou prensip fondamantal gòlf yo. Tout moun pral anmize yo pandan y ap aprann priz, pozisyon, enstalasyon, swing ak plis toujou. Y ap gen pou yo deplase ale sou teren gòlf la pou tan depa a. Ap gen baton gòlf ki disponib si apranti yo gen bezwen.

**Dilboy Auxiliary, Lendi rive vandredi, 9:00A.M. -10:30P.M., Laj 7 rive 10 lane, 10:30A.M. -12:00P.M., Laj 11 rive 14 lane \$25 sou Rezèvasyon / \$40 san Rezèvasyon.**



# Pwogram Espòtif Chak Semèm pou Ete 2023



## Semèn 24 jivè rive 28 jivè 2023

### Fòmasyon pou Atletism

Pwogram sa ki se yon pwogram antrenè atletis SHS la ansanm ak atlèt SHS yo ap dirije, pral anseye patisipan yo eleman debaz atletism yo.

**Dilboy Stadium Lendi rive vandredi, 8:30A.M. -12:30P.M., Laj 7 rive 14 lane, \$25 sou Rezèvasyon / \$40 san Rezèvasyon.**

## Semèn 31 jiyè rive 4 out 2023

### Fòmasyon pou Foutbòl Depatman Pak ak Lwazi a

Pwogram sa a pral pèmèt gen yon eksperyans foutbòl ki pozitif pou tout jèn yo nan kominote nou a. Manm pèsònèl Depatman Pak ak Lwazi a pral konsantre sou prensip fondamantal foutbòl yo tankou fason pou manye balon an, pase, ak choute.

**Dilboy Stadium Lendi rive vandredi, 8:30A.M. -12:30P.M., Laj 5 rive 16 lane, \$30 sou Rezèvasyon / \$45 san Rezèvasyon.**

## Semèn 7 out rive 11 out 2023

### Fòmasyon sou Baskètbòl

Ak sipèvizyon antrenè ak jwè yo SHS yo, fòmasyon sa a pral anseye jèn yo konpetans fondamantal baskètbòl yo tankou dribble, fè pas ak choute.

**Trum Field Lendi rive vandredi, 8:30A.M. -12:30P.M., Laj 5 rive 14 lane, \$60 sou Rezèvasyon / \$75 san Rezèvasyon.**

## Semèn 14 out rive 18 out 2023

### Fòmasyon sou Lakwòs (Lacrosse)

Kapasite fondamantal tankou priz, lanse, ak bèso a se prensip y ap gen pou anseye nan pwogram entwodiksyon sa a. Ap gen ekipman ki dipsonib.

**Dilboy Auxiliary, Lendi rive vandredi, 9:00A.M. -10:30P.M., Laj 7 rive 10 lane, 11:00A.M. -12:30P.M., Laj 11 rive 13 lane**

### Fòmasyon sou Volebòl

Pwogram sa a pral konsantre sou prensip fondamantal volebòl yo tankou sèvis, blòk ak fòmasyon ekip.

**Capuano School, Lendi rive vandredi, 9:00A.M. -12:00P.M., Laj 13 rive 18 lane , \$25 Res./ 12:00pm, Ages 13-18 yrs. old , \$25 Res./ \$30 san Rezèvasyon.**



VIN SELEBRE 20 LANE KAN ETE

# JOURNALYE

SOMERTIME LAN



Apati ane 2023, nou ap ogmante pri nou yo pou n kanpe egzakteman a \$180. Se ak anpil konsiderasyon n ap kontinye amelyore pwogram nou yo ak aktivite ki amizan pou moun ki ap patisipe nan kan yo, epi tou ofri yo pi bon kalite swen nou kapab ofri yo.

## Nou Ofri

- Pwomnad Amizan Chak Vandredi
- Envite ak Aktivite Espesyal
- Pisin Dilboy la epi yon Mèt Najè ki Fòme
- Teren Dilboy la
- Aktivite atistik ak Brikolaj
- Jou DJ
- Jwèt Sosyete



- Ti Dejene (manje maten) ak Dejene (manje midi) Chak Jou
- Pitza chak Mèkredi
- Cho Talan
- Konpetans Pèsonèl
- Parenaj Konseye ki Fòme
- Zanmi pou lavi!

Laj 5 rive  
13 lane

Kantite plas yo limite

**120** Patisipan  
Sèlman

Admisyon chak Semèn

**\$180**

Nou p ap aksepte depo ankò!



West Somerville  
Neighborhood School

177 Powderhouse Blvd, Somerville, MA 02144

Lyen Enskripsyon  
somervillema.myrec.com

Plis Enfòmasyon

617-625-6600 ekstansyon 2980  
rchambers@somervillema.gov

# Pwogram Ete 2023 pou Timoun Piti yo

## Pwogram KidStop pou Timoun Piti yo

Pwogram sis semèn sa a ap genyen aktivite pou timoun tankou jwèt aktif, aktivite atistik ak brikolaj ansanm ak tèm chak semèn. Se yon pwogram kote w vin depoze timoun lan chak jou. Timoun yo dwe otonòm nan sa ki gen pou wè ak lapwòpte.

**West Somerville School, 5 jiyè rive 10 out, 9:00A.M. rive 12:00P.M., Lendi ak Mèkredi. Oswa Madi ak Jedi Laj 3 lane rive 5 lane, \$150 sou Rezèvasyon.**

## Espò pou Timoun

Timoun yo ap aprann prensip fondamantal espò ak Manm Pèsonèl Depatman Pak ak Lwazi a kote y ap konsantre yo sou devlopman kapasite mobil yo epi amize yo anvan yo antre nan kategori espò òganize yo. Timoun yo pral aprann prensip debaz foutbòl, baskèt bòl, bezbòl, foutbòl ameriken, ak oke.

**West Somerville School, 7 jiyè rive 11 out, 9:00A.M. rive 12:00P.M., Vandredi Maten. Laj 3 rive 5 lane, \$40 sou Rezèvasyon. Sèlman**

# Pwogram Ete 2023

## Pwogram Jounen Somertime lan

Pwogram plen plezi sa a pral plen ak moun byen RAPID! Pwogramasyon kreyatif ak fleksib pou yon varyete nouvo aktivite ki pral pèmèt patisipan yo gen opòtinite pou chwazi eksperyans chak jou tankou natasyon, klas atistik espesyalize, ak plis toujou. Pwomnad chak semèn api yon kantite patisipan ki anpil parapò ak manm pèsonèl yo ap mete sou bèlte peryòd ete ou p ap janm bliye! Ap gen manje maten ak manje midi chak jou.

**West Somerville School, Lendi rive Vandredi  
26 jen rive 11 out, 8:30A.M. rive 4:30P.M. Laj  
5 rive 13 lane, \$180 pa semèn**



## Fòmasyon Depatman Pak ak Lwazi a pou Gadyen Foutbòl yo

Pwogram sa a pral konsantre sou prensip debaz pou jwen antanke yon bon gadyen tankou pozisyon, ajilite, ak tan reyaksyon.

**Dilboy Stadium Madi ak Jedi  
6 jiyè rive 10 out,  
Laj 8 rive 12 lane 1:00P.M. rive 2:00P.M.  
Laj 13 rive 18 lane, 2:00P.M. rive 3:00P.M.  
\$40 sou Rezèvasyon / \$65 san Rezèvasyon.**



## Depatman Pak ak Lwazi Somerville la ak Boston Kickers

Pwogram sa a pral konsantre sou devlopman jwè a atravè fòmasyon ki adapte a chak sitiyasyon pandan l ap mete aksan sou fòs, fleksibilite, dirabilite ak teknik ki nesèse pou pèfòme antanke yon atlèt wo nivo. Pwogram lan pral konsantre tou sou eleman fondamantal fòs matal, emosyonèl ak espiyèl yo. Pral gen 4 rive 6 patisipan ki ap an gwoup pou chak grenn antrenè nan lide pou pèmèt jwèt la gen yon anviwònman reyalis epi pou pèmèt gen yon kantite maksimòm repetisyon ak priz desizyon.

**Pozisyon: Pou konfime  
Pou konfime Jen rive Out  
Jou: Pou konfime**

# Pwogram Ete 2023

## Klinik pou Vitès ak Kondisyonman

Pwogram sa a pral ede atlèt yo prepare pou sezon otòn ki ap vini a. Pwogram sa a pral konsantre sou egzèsis ayewobik ak anayewobik.

### Nunziato Park. Lè mèkredi

5 jiyè rive 9 out, 4:00P.M. rive 7:00P.M.

Laj 12 rive 18 lane, \$25 sou Rezèvasyon \$30 san Rezèvasyon



## Parks Program (Pwogram Pak yo)

Aktivite yo s'eyon varyete jwèt, konpetisyon, aktivite atistik ak pwojè brikolaj chak jou, jwèt sosyete ak plis toujou! Vandredi pral yon jou aktivite espesyal! Ap gen manje midi ki disponib chak jou.

6 jiyè rive 11 out, 9:00A.M. rive 12:00P.M.

Laj 5 rive 16 lane, GRATIS

### Pwogram Jwèt sou Gazon

Jwèt sou gazon pou jèn yo se yon pwogram eksitan ki pral pèmèt patisipan yo jwe nan divès jwèt sou gazon tankou petank, cornhole, lanse echèl, slam bal, ak slam soukoup. Ap gen yon jwèt diferan k ap jwe chak semèn nan lide pou konsantre sou aprantisaj règ yo epi jwe jwèt la nan yon kad amizman ki pa baze sou konpetisyon. Pwogram sa a pèmèt patisipan yo jwenn yon gran opòtinite pou sòti epi sosyalize ak kanmarad ou yo pandan w ap pran plezi w nan jwèt sou gazon yo.



### Nunziato Park, Lè madi

6 jiyè rive 10 out, 4:00P.M. rive 6:00P.M.

Laj: 8 rive 17 lane, GRATIS

## Sèvis Lwazi Somerville la Prezante: Fòmasyon Espòtif Adapte

Fòmasyon Espòtif Adapte yo genyen ladan yo Baskètòl, Foutbòl, Oke ak Bezbòl/Sòfbòl Yo kreye fòmasyon yo pou asire yon anviwònman san danje epi plen siksè pou elèv ki gen andikap yo patisipe nan espò ekip yo.

Peryòd 1 èdtan sòt lendi rive vandredi **Dat yo pou konfime**

Jadendanfan rive 2yèm ane 2:30 rive 3:30

3yèm rive 5yèm ane 3:30-4:30

Lekòl Segondè 4:30-5:30

**Semèn 1: Baskèt, Semèn 2: Foutbòl, Semèn 3: Oke, Semèn 4 Bezbòl/Sòfbòl**

**\$100 pou Rezidan Somerville yo (\$25/semèn), \$150 pou moun ki pa rezidan yo.**



# Pwogram Ete 2023 pou Granmoun

## Lig Foutbòl 7 kont 7 pou Granmoun

\*Patisipan yo dwe enskri antanke ekip\* yon sezon 5 match epi tout moun pral nan eliminatwa

Ekip yo pral gen opsyon pou yo patisipe nan youn nan de divizyon yo:

- Divizyon A an se pou moun ki ap chèche jwe ak yon tikras plis konpetisyon
- Divizyon B a se pou plis ekip ki ap amize yo, moun ki jis ap chèche sòti epi jwe
- Divizyon B an egzije nimewo miks ki obligatwa
- Frè Enskripsyon pou Ekip Ete a: \$250 (inifòm lan pa nan pri sa a)

### **Pozisyon: Capuano**

**Jou nan Semèn nan: Lendi ak Mèkredi (ekip yo ap jwen yon fwa chak semèn)**

**Lè: Match yo ap kòmanse nenpòt lè a 7PM, 8PM, oswa 9PM**

**Dat: 10 jiyè rive mwa ouot**

**Dat limit enskripsyon: 2 jen**

# Pwogram Ete 2023 pou Granmoun

## Lig Sòfbòl pou Granmoun lan

Yon lig sòfbòl konpetisyon, ak tout baton bwa yo, epi bal ralanti. Yon sezon regilye 27 match. 8 meyè ekip yo pral kalifye pou eliminatwa. \*Patisipan yo dwe anrejistre antanke ekip\*

- Frè Enskripsyon pou Ekip Ete a: \$700 (inifòm lan pa nan pri sa a)
  - \$30 (kach) pou chak match pou ofisyèl yo
  - \$120 depo

**Pozisyon: Trum Field**

**Jou nan Semèn nan: Lendi rive jedi (jwe de nuit chak semèn)**

**Lè: 7:00P.M., 8:15P.M., or 9:30P.M.**

**Dat: 1Ye me rive mwa out**

**Dat limit enskripsyon: 17 mas**



## Lig Miks Kikbòl (Kickball) pou Granmoun

yon sezon 10 match epi tout moun pral nan eliminatwa Ekip yo pral gen opsyon pou yo patisipe nan youn nan de divizyon yo:

- Divizyon A an se pou moun ki ap chèche jwe ak yon tikras plis konpetisyon
  - Divizyon B a se pou plis ekip ki ap amize yo, moun ki jis ap chèche sòti epi jwe
  - Toude divizyon yo se pou moun ki ap chèche amize yo!

**\*Patisipan yo dwe anrejistre antanke ekip\***

**\*Ekip yo dwe genyen ladan yo de (2) fi epi yo dwe jwe chak match\***

- Frè Enskripsyon pou Ekip Ete a: \$250 (inifòm lan pa nan pri sa a)


**Pozisyon: Lincoln Park Softball Field**

**Jou nan Semèn nan: Lè dimanch**

**Lè: Jwèt lan ap kòmanse nenpòt lè ant 2:00P.M. Rive 9:00P.M.**

**Dat: 14 me rive mwa jiyè**

**Dat limit enskripsyon: 17 mas**



## Adult Basketball League (Lig Baskètbòl pou Granmoun)

Yon lig konpetisyon baskèt ki genyen ladan l twa sesyon separe. Sezon regilye 6 match.

4 meyè ekip yo pral nan eliminatwa **\*Yo dwe enskri antanke ekip\***

Frè Enskripsyon pou Ekip: \$350 oswa \$150 si ou kòmande pwòp inifòm ou

- \$50 (kach) pou chak match pou ofisyèl yo

- \$100 depo

**Pozisyon: Conway Park**

**Jou nan Semèn nan: Madi ak jedi (jwe yon nuit chak semèn)**

**Lè: 7pm, 8pm, oswa 9pm**

**Dat: 11 jiyè rive mwa out**

**Dat limit enskripsyon: 2 jen**

\*Pou antre nan yon ekip, tanpri kontakte Yianny nan [jtsirigotis@somervillema.gov](mailto:jtsirigotis@somervillema.gov) anvan w fè jwè yon anrejistre\*

# Garaj Bato Blessing of the Bay

## Pwogram Kannòt sou Mystic Lakes

Nan pwogram sa a timoun yo pral aprann teknik debaz pou rame ak kesyon sekirite nan dlo yo. Pandan pwogram lan, patisipan yo pral rame sòti nan garaj bato a ale nan Lak Mystic (Mystic Lakes) yo epi nan sous rivyè Malden lan (Malden River). Apre kèk aktivite amizman nan dlo a, patisipan yo pral pran plezi yo nan aktivite lwazi tankou chas trezò, jwèt balon dlo, espò, jwèt sosyete, ak plis toujou! Ap gen manje midi ki disponib.

**Garaj Bato Blessing of the Bay, 5 jiyè rive 11 out 2023**


**Lendi rive vandredi, 9:00A.M. Rive 12:00P.M. oswa 1:00P.M. rive 4:00P.M.**

**Laj 5 lane rive 14 lane, \$50 sou Rezèvasyon**



## Lokasyon Kannòt ak Kayak nan Rivyè Mystic

Ap gen mwayen pou lwe Kannòt ak Kayak pandan peryòd ete sa a. pou jwenn plis enfòmasyon.



## Òf chak Ete Paddle Boston

Asosye Depatman Pak ak Lwazi nou an, Paddle Boston genyen plizyè aktivite peryòd ete nan plizyè sant yo nan tout zòn Somerville la. Ale sou sit entènèt yo a pou jwenn deskripsyon sou pwogram lan ak plis enfòmasyon toujou.

<http://paddleboston.com/kids/>



# Pisin Dilboy pou Ete 2023

Lè Fonksyònman Pisin lan:	Admisyon nan Pisin lan:
Lendi rive Vandredi 11:00A.M. – 7:00P.M.	Timoun \$1.00
Samdi ak Dimanch 11:00A.M. – 5:00P.M.	Granmoun \$2



110 Alewife Brook Parkway  
617-625-1539



### Bagay ki Entèdi:

- Boutèy an Vit
  - Manje
  - Pousèt
  - Fimen
  - Alkòl
  - Chèz
  - Flotè

\*\*\*Li OBLIGATWA pou tout bebe mete day-pè pou naje \*\*\*

Tanpri verify [www.somervillerec.com](http://www.somervillerec.com)  
si gen Dat Ouvèti!



# Estad Dilboy

## Mach Ak Kous nan Estad Dilboy la


Lendi rive Vandredi

1Ye avril rive 30 novanm jou konje yo pa ladan l

7:00A.M. Rive 9:00A.M.

GRATIS

**\*\*Li otorize pou Mache ka Kouri sou pis la sèlman\*\***





# Evènman Espesyal!

## **Dans Familyal Shamrock & Roll**

Edgerly School, 3 Otis St.  
11 mas 2023  
6:00P.M. rive 8:00P.M.  
\$5 pa fanmi

## **Konpetisyon Natasyon Tout Vil la**

Pisin Giny Smithers  
31 mas 2023  
Timoun nan klas 1ye rive 8yèm ane  
4:00P.M. rive 8:00P.M., GRATIS

## **Porch Fest**

Nathan Tufts Park, 850 Broadway  
13 me 2023  
12:00P.M. rive 4:00P.M., GRATIS

## **Aktivite Atistik ak Plant!**

Trum Field, 6 me 2023  
Tout Laj  
1:00P.M. rive 3:00P.M., GRATIS

## **Konpetisyon Anyèl Atletis pou Vil la**

Dilboy Stadium, 2 jen 2023  
Timoun nan klas 3yèm rive 8yèm ane  
6:00P.M. rive 9:00P.M., GRATIS

## **SomerStreets:**

Carnival, East Somerville, Dimanch 4 jen 2023  
2:00P.M. rive 6:00P.M., GRATIS

## **Family Fun Day (Jou Amizman pou Fanmi):**


Trum Field, Samdi 24 jen 2023  
12:00P.M. rive 4:00P.M., GRATIS

## **Fireworks 2023:**

Trum Field, Jedi 29 jen 2023  
Jou k ap gen lapli: 30 jen 2023  
6:30P.M. rive 10:00P.M., GRATIS

## **Art Beat**

Davis Square, 15 jiyè 2023  
Jou k ap gen lapli: 16 jiyè 2023  
11:00A.M. rive 10:00P.M., GRATIS



somerville arts council



